

Pwogram rediksyon pou etidyan NYC Ferry

Aplikasyon pou jwenn tikè enprime pou etidyan lekòl segondè Vil Nouyòk



Non

Siyati

Imèl

Telefòn

Metòd kontak ou prefere

Imèl

poste

Èske w deja genyen yon kont aplikasyon mobil NYC Ferry?

wi

non

Kòd rediksyon

Rekonesans Tèm ak kondisyon

Mwen rekonèt ke mwen te li epi mwen dakò avèk Tèm ak kondisyon ki asosye ak aplikasyon sa a

Tape non w nan kare ki anba a pou w endike siyati w la

Dat jodi a

Kòmantè adisyonèl

To submit your application, please mail completed applications to:

NYC Ferry Operated by Hornblower Attn. Ferry Discount Program

63 Flushing Ave, Building 5,

Suite 100

Brooklyn NY 11205

Or drop off in-person at:

Pier 11 Ticket Booth

Pier 11, South Street

New York, New York 10005

Pwogram rediksyon pou etidyan NYC Ferry

Tèm ak kondisyon – Etidyan lekòl segondè Vil Nouyòk



NYC Ferry (« NYCF ») administre Pwogram rediksyon sou transpò Ferry (« Pwogram rediksyon sou transpò Ferry ») Pwogram rediksyon sou transpò Ferry la pèmèt moun ki elijib yo achte yon tikè yon sèl chemen an rediksyon NYCF (« Tikè rediksyon »). Apati 1ye septanm 2024, NYCF bay etidyan lekòl segondè Vil Nouyòk opòtinite pou yo patisipe nan Pwogram rediksyon sou transpò Ferry (« Pwogram rediksyon etidyan ») epi jwenn aksè nan tikè Pwogram rediksyon etidyan (« Tikè etidyan »).

Sa yo se tèm ak kondisyon (« Tèm ak kondisyon ») pou moun k ap chèche ak/oswa kalifye pou patisipe nan Pwogram rediksyon etidyan la, kòm etidyan lekòl segondè Vil Nouyòk ki enskri kounye a (« Etidyan ») oswa gadyen legal de etidyan ki enskri kounye a kòm etidyan lekòl segondè Vil Nouyòk (« Gadyen »).

Lè w soumèt yon aplikasyon nan Pwogram rediksyon etidyan an, w ap aksepte avèk Tèm ak kondisyon sa yo.

Kondisyon pou elijiblite pou rediksyon pou etidyan sou transpò Ferry

Nenpòt moun ki enskri nan klas 9yèm, 10yèm, 11yèm, oswa 12yèm ane, oswa ki enskri san yo pa yon klas asiyen, epi ki gen 13 an oswa plis, nan yon lekòl nan distri lekòl Vil Nouyòk la oswa nan yon lekòl « charter » ki nan zòn nan Vil Nouyòk la.

Enskripsyon nan Pwogram rediksyon etidyan

Pou jwenn aksè nan Pwogram rediksyon etidyan, etidyan ki elijib yo dwe gen gadyen yo konekte oswa kreye yon Kont etidyan Vil Nouyòk (NYCSA). Pou enfòmasyon sou kouman pou fè sa, gade [isit la](#).

Nan pòtal NYCSA a, gadyen yo ka klike sou yon bouton pou mande yon Kòd rediksyon pou etidyan NYC Ferry (« Kòd rediksyon ») pou chak etidyan ki elijib. Gen de fason pou achte ak itilize Tikè rediksyon etidyan. Gadyen ak/oswa etidyan yo dwe chwazi si yo ta renmen aplike Kòd rediksyon pou jwenn aksè nan Tikè rediksyon etidyan yo **swa** nan aplikasyon mobil NYC Ferry (« Tikè rediksyon etidyan atravè aplikasyon mobil ») **oswa** atravè acha an pèsòn de tikè enprime (« Tikè rediksyon etidyan enprime ») nan fenèt tikè Waf 11 sou Wall Street, ki louvri chak jou ant 8 è di maten ak 7 è di swa.

Tanpri sonje : Kòd rediksyon yo ka aplike sèlman yon fwa, swa nan aplikasyon mobil NYC Ferry pou Tikè rediksyon etidyan atravè aplikasyon mobil OSWA nan fòm aplikasyon papye pou Tikè rediksyon etidyan enprime yo.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou aplike Kòd rediksyon a pou achte tikè sou aplikasyon mobil NYC Ferry OSWA nan fenèt tikè Waf 11, gade anba.

Ki jan yo achte tikè Pwogram rediksyon etidyan

Tikè rediksyon etidyan atravè aplikasyon mobil

Si w ta renmen jwenn aksè nan Tikè rediksyon etidyan atravè aplikasyon mobil, yon Gadyen ak/oswa etidyan dwe pran etap sa yo :

1. Asire w ke aplikasyon an telechaje sou telefòn mobil gadyen an oswa etidyan la.
2. Navige nan aplikasyon mobil NYC Ferry.
3. Konekte sou kont NYC Ferry ou oswa kreye yon nouvo kont si ou se yon nouvo itilizatè.
4. Yon fwa ou konekte, chwazi bouton an nan kwen an tèt gòch nan ekran an epi chwazi « Promo Code » (Kòd pwomosyon) nan meni defile an.
5. Antre Kòd rediksyon inik ki bay nan kont NYCSA a.
6. Yon fwa yo antre yon Kòd rediksyon ki valab nan aplikasyon an, itilizatè a ap gen otomatikman opsyon pou achte Tikè rediksyon etidyan yo nan tab « Buy Ticket » (Achte tikè) nan aplikasyon NYC Ferry.

Tanpri sonje : Gadyen yo gen dwa sèvi ak yon Tikè rediksyon etidyan atravè aplikasyon mobil sèlman lè etidyan la prezan. Gadyen yo pa gen pèmasyon pou sèvi ak Tikè rediksyon etidyan atravè aplikasyon mobil pou vwayaj pa yo.

Pwogram rediksyon pou etidyan NYC Ferry

Tèm ak kondisyon – Etidyan lekòl segondè Vil Nouyòk



Tikè rediksyon etidyan enprime yo

Tikè rediksyon etidyan enprime yo disponib pou achte nan fenèt tikè Waf 11 sou Wall Street chak jou ant 8 è di maten ak 7 è di swa. Pou verifye si yon etidyan elijib pou Tikè rediksyon etidyan enprime yo, yon Gadyen ak/oswa etidyan dwe pran etap sa yo :

1. Ranpli yon fòm aplikasyon pou Tikè rediksyon etidyan. Fòm aplikasyon papye pou Tikè rediksyon etidyan enprime yo disponib sou sitwèb NYC Ferry oswa nan fenèt tikè Waf 11 sou Wall Street. Antre non/siyati Etidyan la, adrès imel ou ta renmen asosye ak Rediksyon etidyan an, nimewo telefòn ou, ak Kòd rediksyon endividyèl.
2. Yon fwa w fin soumèt fòm aplikasyon pou Tikè rediksyon etidyan enprime la atravè sitwèb la oswa depoze an pèsòn nan fenèt tikè Waf 11 sou Wall Street, tanpri pèmèt jiska 30 jou pou yo trete demann Tikè rediksyon etidyan enprime a.
3. NYC Ferry pral voye yon imèl konfimasyon ak yon lèt ki konfime fòmèlman elijiblite w pou achte Tikè rediksyon etidyan enprime yo. Sove lèt ki an atachman sa a !
4. Lè w rive nan fenèt tikè Waf 11 sou Wall Street, montre ajan tikè NYC Ferry a lèt ki an atachman pou achte Tikè rediksyon etidyan enprime yo.

Tanpri sonje : Gadyen yo pa otorize sèvi ak yon Tikè rediksyon etidyan enprime. Etidyan yo ta dwe prezante pwòp Tikè rediksyon etidyan yo bay maren la anvan yo monte.

Tout règ tiké pou etidyan yo

- Tikè etidyan yo valab sèlman nan jou lasemèn yo.
- Etidyan yo ka itilize Kòd rediksyon yo pou jwenn aksè Tikè rediksyon etidyan apati 1ye septanm 2024 e jiska 31 dawout 2025.
- Etidyan ak ou oswa Gadyen yo p ap gen limit sou kantite Tikè etidyan yo ka achte nenpòt ki lè.
- Tout Kòd etidyan yo ap ekspire anvan 31 dawout 2025. Etidyan yo dwe enskri ankò nan pwogram nan chak ane
- Ou ka itilize yon sèl tikè rediksyon etidyan alafwa. Yo p ap pèmèt itilizasyon oswa aktivasyon plis pase yon Tikè rediksyon etidyan nan yon peryòd 30 minit.

Kòd rediksyon ak tikè etidyan yo se pou etidyan ki elijib la itilize sèlman, yo pa ka transfere yo bay lòt moun.

Ranbousman

Tikè rediksyon etidyan ki pa itilize anvan 31 dawout 2025, elijib pou yon ranbousman lè w kontakte help@ferry.nyc.

Tikè rediksyon etidyan enprime yo ki pèdi oswa yo vòlè yo

Yo p ap ranplase Tikè rediksyon etidyan enprime yo ki pèdi oswa yo vòlè yo.

Ekspirasyon enskripsyon nan Pwogram rediksyon etidyan

Tout Kòd rediksyon yo pral dezaktive nan dat 31 dawout 2025, ak tout Tikè rediksyon etidyan a travè aplikasyon mobil oswa enprime ap ekspire 31 dawout 2025.

Renouvle enskripsyon nan Pwogram rediksyon etidyan an

Etidyan ak/oswa Gadyen yo ap bezwen enskri ankò nan Pwogram rediksyon etidyan la pou pwochen ane lekòl la.

Disponibilite

Tikè rediksyon etidyan yo ap disponib sèlman pandan Pwogram rediksyon etidyan la an vigè.

Chanjman nan Tèm ak kondisyon sa yo

NYC Ferry ka chanje kondisyon Pwogram rediksyon etidyan la nenpòt ki lè w fè w konnen chanjman sa yo pa nenpòt mwayen rezonab (anvan yo antre an vigè), ki gen ladan lè w poste Tèm ak kondisyon yo revize sou sit entènèt NYC Ferry. Si w kontinye sèvi ak Pwogram rediksyon etidyan an apre nenpòt chanjman nan Tèm ak kondisyon sa yo ap konstitye ou aksepte chanjman sa yo. Si w pa vle kontinye sèvi ak Pwogram rediksyon etidyan an dapre Tèm ak kondisyon ki ajou yo, ou ka sispann patisipasyon w pa kite yon mesaj pou NYC Ferry nan [844-469-3377](tel:844-469-3377) oswa voye yon imèl nan help@ferry.nyc.

Pwogram rediksyon pou etidyan NYC Ferry

Tèm ak kondisyon – Etidyan lekòl segondè Vil Nouyòk



Separabilite

Sòf si sa di nan Tèm ak kondisyon sa yo, si nenpòt dispozisyon nan Tèm ak kondisyon sa yo ta pa valab oswa pa ka aplike pou nenpòt rezon oswa nan nenpòt limit, rès dispozisyon ki nan Tèm ak kondisyon sa yo p ap afekte epi aplikasyon dispozisyon sa a yo dwe aplike nan limit lalwa pèmèt.

Lwa ki anvigè

Ou dakò ke Lwa Eta Nouyòk, san konsiderasyon konfli lwa dispozisyon, gouvène Tèm ak kondisyon sa yo ak nenpòt diskisyon ki ka parèt ant ou menm ak NYC Ferry oswa afilye li yo.

Kalifikasyon

Si yo jwenn ou pa elijib pou patisipe nan Pwogram rediksyon etidyan an paske ou pa kapab jwenn aksè nan yon kont NYCSA, tanpri [vizite isit la](#).

Restriksyon sou Tikè etidyan

Etidyan yo ka itilize Tikè rediksyon pou etidyan yo sèlman. Gadyen yo pa ka sèvi ak Tikè rediksyon etidyan an pou monte yon veso. Sèvi ak yon Tikè etidyan pa nenpòt lòt moun ka lakòz ou retire nan Pwogram rediksyon etidyan an.

Sanksyon

Si w pèmèt nenpòt moun ki pa yon etidyan ki kalifye pou Pwogram rediksyon etidyan yo sèvi ak yon Tikè etidyan oswa Kòd, w ap resevwa yon sispansyon 60 jou nan pwogram rediksyon etidyan an. Apre sispansyon 60 jou a fini, ou ka aplike ankò nan Pwogram rediksyon etidyan an. Si w fè yon dezyèm ofans, w ap diskalifye pou tout tan nan Pwogram rediksyon etidyan an.

Si ou espere bay move enfòmasyon bay NYCF oswa si w chèche twonpe oswa twonpe NYCF, ou ka diskalifye pou tout tan nan pwogram rediksyon etidyan an.

Divilgasyon

NYCF pral trete enfòmasyon ki konsène aktyèl ak ansyen aplikan ak patisipan yo kòm konfidansyèl epi li ka sèlman divilge enfòmasyon sa yo :

- pou moun ki sijè enfòmasyon an oswa reprezantan legal moun sa a ;
- si moun ki gen enfòmasyon sa yo otorize alekri, oswa si moun sa a pa konpetan legalman, pa reprezantan legal moun sa a ;
- si yon tribinal ki gen jiridiksyon konpetan te bay lòd sa a ; epi
- pou yon ajans ki fè respekte lalwa oswa biwo avoka distri ki sèvi NYCF yon sitasyon jidisyèl oswa manda jidisyèl.

Ki sa ki Pwogram rediksyon etidyan sou transpò Ferry ?

Pwogram rediksyon etidyan sou transpò Ferry a bay etidyan lekòl segondè Vil Nouyòk opòtinite pou jwenn aksè nan tikè NYC Ferry ki gen rediksyon (« Tikè rediksyon etidyan ») nan jou lasemèn nan objektif pou yo vwayaje pou ale lekòl.

Èske mwen kalifye pou Pwogram rediksyon etidyan sou transpò Ferry a ?

Ou elijib pou Pwogram rediksyon etidyan a sou transpò Ferry si w enskri nan klas 9yèm, 10yèm, 11yèm, oswa 12yèm ane, oswa si w enskri san w yon klas asiye, nan yon lekòl segondè piblik, « charter » oswa prive nan Vil Nouyòk.

Kijan Pwogram rediksyon etidyan sou transpò Ferry a fonksyone ?

Pou jwenn aksè nan Pwogram rediksyon etidyan sou transpò Ferry a, etidyan ki elijib yo dwe gen gadyen yo konekte oswa kreye yon Kont etidyan Vil Nouyòk (NYCSA). Pou enfòmasyon sou kijan pou fè sa, [tcheke lyen sa a](#).

Nan pòtal NYCSA a, gadyen yo ka klike sou yon bouton pou mande yon kòd rediksyon etidyan NYC Ferry (« Kòd rediksyon ») pou chak etidyan ki elijib. Gen de fason etidyan yo ka jwenn tikè rediksyon, ak **kòd rediksyon yo ka aplike sèlman yon fwa**. Gadyen ak/oswa etidyan yo dwe chwazi yon sèl fason pou achte ak itilize tikè :

- Aplikasyon NYC Ferry **oswa**

- Tikè enprime yo achte nan fenèt tikè Waf 11 sou Wall Street, ouvri chak jou ant 8 è di maten ak 7 è di swa.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou aplike kòd rediksyon a pou resevwa tikè nan aplikasyon NYC Ferry an OSWA nan fenèt tikè Waf 11 sou Wall Street, tanpri gade repons kesyon ki anba yo.

Tikè rediksyon etidyan yo valab sèlman pou itilize nan jou lasemèn yo. Tout Tikè rediksyon etidyan yo ap ekspire 31 dawout 2025. Etidyan yo dwe enskri ankò nan pwogram nan chak ane

Ki kote mwen ka jwenn kòd rediksyon nan NYCSA ?

Yon fwa yon gadyen fin siyen nan pòtal NYCSA yo epi li chwazi yon etidyan ki elijib pou Pwogram rediksyon etidyan sou transpò Ferry, yo dwe ale nan « Transportation » (Transpò) sou « MyStudent » (Etidyan m). Sou paj « Transportation » (Transpò) la, gadyen yo pral klike sou « Request Discount Code » (Mande kòd rediksyon) anba « NYC Ferry », ki pral otomatikman jenere yon kòd rediksyon pou etidyan sa a.

Kouman mwen ka aplike kòd rediksyon a pou jwenn Tikè rediksyon etidyan nan aplikasyon NYC Ferry an ?

Si w ta renmen jwenn Tikè rediksyon etidyan yo nan aplikasyon NYC Ferry an, yon gadyen ak/oswa etidyan dwe pran etap sa yo

1. Asire w ke aplikasyon NYC Ferry an telechaje sou telefòn mobil gadyen an oswa etidyan la.
2. Navige nan aplikasyon NYC Ferry an.
3. Konekte sou kont NYC Ferry ou oswa kreye yon nouvo kont si ou se yon nouvo itilizatè.
4. Yon fwa ou konekte, chwazi bouton an nan kwen an tèt gòch nan ekran an epi chwazi « Promo Code » (Kod pwomosyon) nan meni defile an.
5. Antre kòd rediksyon inik ki bay nan kont NYCSA a.
6. Yon fwa yo antre yon kòd rediksyon ki valab nan aplikasyon an, itilizatè a ap gen otomatikman opsyon pou achte Tikè rediksyon etidyan yo nan tab « Buy Ticket » (Achte tikè) nan aplikasyon NYC Ferry la.

Kouman mwen ka aplike kòd rediksyon a pou jwenn tikè enprime ?

Tikè rediksyon etidyan enprime yo disponib atravè acha an pèsòn nan fenèt tikè Waf 11 sou Wall Street. Pou verifye si yon etidyan elijib pou tikè etidyan enprime, yon gadyen ak/oswa etidyan dwe :

1. Fòm aplikasyon pou tikè rediksyon etidyan yo disponib sou sitwèb NYC Ferry oswa nan fenèt tikè Waf 11 sou Wall Street. Antre non avèk siyati etidyan la, adrès imel ou ta renmen asosye ak rediksyon etidyan an, nimewo telefòn ou, ak kòd rediksyon endividyèl.
2. Yon fwa ou fin soumèt fòm aplikasyon an, swa sou sitwèb la oswa atravè depoze an pèsòn nan fenèt tikè Waf 11 sou Wall Street, tanpri pèmèt jiska 30 jou pou aplikasyon w lan dwe trete.
3. Yon fwa ke li revize, NYC Ferry ap voye yon imèl konfimasyon ba ou ak yon lèt fòmèlman fè w konnen si w kalifye pou w achte tikè enprime. Si yo apwouve w, w ap resevwa yon lèt konfimasyon kalifikasyon. Sove lèt ki an atachman sa a !
4. Lè w rive nan kabin tikè Waf 11 sou Wall Street, montre ajan tikè NYC Ferry a lèt ki an atachman la pou verifye kalifikasyon w epi achte tikè enprime.

Ki dokiman ki nesèsè pou aplike pou Pwogram rediksyon etidyan sou transpò Ferry a ?

Si ou se yon gadyen ak/oswa etidyan ki te chwazi jwenn aksè nan Tikè rediksyon etidyan atravè achte an pèsòn nan fenèt Waf 11 sou Wall Street, lè sa a, ou dwe bay enfòmasyon sa yo sou aplikasyon pou tikè etidyan enprime an : non, siyati, kòd rediksyon inik ki soti nan NYCSA, nimewo telefòn, ak adrès imel kont NYC Ferry ou ta renmen asosye ak Pwogram rediksyon etidyan a.

Si ou se yon gadyen ak/oswa etidyan ki te chwazi pran aksè nan tikè rediksyon etidyan atravè aplikasyon NYC Ferry an, pa gen okenn dokiman ki nesèsè pou jwenn aksè nan tikè rediksyon etidyan yo. Gadyen ak/oswa etidyan yo sèlman bezwen antre kòd rediksyon inik yo nan tab pwomosyon la sou aplikasyon NYC Ferry an.

Konbyen tan sa ap pran pou aplikasyon pou tikè rediksyon etidyan mwen an ap apwouve ?

Yon fwa ou soumèt aplikasyon w lan, bay 30 jou pou yo revize ak trete aplikasyon w lan. Yon fwa yo fin revize aplikasyon w lan, w ap fè w konnen si w kalifye atravè yon imèl ki soti nan NYC Ferry.

Yo te refize aplikasyon pou tikè rediksyon etidyan mwen an. Kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon ?

Yo ka refize aplikasyon w lan si :

- Kòd rediksyon a deja itilize.
- Kòd rediksyon a pa kòrèk.
- Kòd rediksyon a ekspire.

Pou plis enfòmasyon sou refi ou a, ou ka kite yon mesaj pou NYC Ferry nan [844-469-3377](tel:844-469-3377) oswa voye yon imèl nan adrès help@ferry.nyc.

Yo te refize aplikasyon pou tikè rediksyon etidyan mwen an, e mwen panse ke desizyon an te pa jis. Èske mwen ka mande yon lòt revizyon sou desizyon sa a ?

Si ou kwè yo te refize aplikasyon w lan nan yon erè, ou ka mande yon revizyon aplikasyon w lan oswa aplikasyon w pou renouvèlman an. Ou dwe fè demann sa a nan katòz (14) jou kalandriye apati dat avi lèt refi a. Ou ka mande yon revizyon lè w rele [844-469-3377](tel:844-469-3377) oswa voye yon imèl nan adrès help@ferry.nyc. Refi a final si nou pa resevwa okenn demann pou revizyon nan 14 jou.

Konbyen tan kòd rediksyon yo ap travay ?

Kòd rediksyon yo ap aktif depi 1ye septanm 2024 jiska 31 dawout 2025. Tout kòd rediksyon yo pral dezaktive nan dat 1ye septanm 2025.

Mwen se yon etidyan ki kalifye pou Pwogram rediksyon etidyan sou transpò Ferry a oswa yon gadyen k ap vwayaje ak plizyè etidyan lekòl segondè ki kalifye pou Pwogram rediksyon etidyan sou transpò Ferry a. Èske mwen ka itilize kòd rediksyon pou achte plizyè Tikè rediksyon etidyan pou gwoup mwen an ?

Non. Yon gadyen ak/oswa etidyan ki gen aksè a yon kòd rediksyon ka achte yon (1) Tikè rediksyon etidyan pou itilize sèlman pa etidyan ki bay kòd rediksyon sa a. Lòt etidyan lekòl segondè elijib yo dwe jwenn pwòp kòd rediksyon endividyèl yo epi aplike yo nan pwòp kont NYC Ferry yo.

Mwen aplike kòd rediksyon mwen an sou kont NYC Ferry mwen nan aplikasyon an, men mwen toujou pa kapab aktive tikè etidyan mwen atravè aplikasyon.

Remake byen ke tikè etidyan atravè aplikasyon yo ka aktive sèlman nan jou lasemèn yo nan bi pou vwayaje ale ak soti nan lekòl la. Etidyan yo ak/oswa gadyen legal yo ka achte Tikè rediksyon etidyan sou aplikasyon an nenpòt ki lè. Si w toujou gen pwoblèm ak kòd rediksyon w la, tanpri kontakte help@ferry.nyc.

Èske mwen ka ranbouse yon tikè rediksyon etidyan ?

Tikè rediksyon etidyan ki pa itilize anvan 31 dawout 2025, elijib pou yon ranbousman lè w kontakte help@ferry.nyc.

Maren la refize tikè etidyan enprime mwen an.

Tikè etidyan enprime yo ka itilize sèlman pou monte yon bato NYC Ferry nan jou lasemèn yo nan bi pou vwayaje ale ak soti nan lekòl la. Etidyan yo ak/oswa gadyen yo ka achte Tikè rediksyon etidyan yo nan fenèt tikè Waf 11 sou Wall Street nenpòt jou nan semèn nan ant 8 è di maten ak 7 è di swa. Si w toujou gen pwoblèm ak kòd rediksyon w la, tanpri kontakte help@ferry.nyc.

Èske mwen ka itilize avantaj Pwogram rediksyon pou etidyan Ferry sou tout sistèm transpò piblik Vil Nouyòk ?

Non. Tikè rediksyon etidyan yo ka itilize sèlman sou wout NYC Ferry epi yo pap aksepte okenn lòt operatè transpò piblik nan rejyon an.

Èske mwen ka jwenn tikè pou Pwogram rediksyon etidyan sou transpò Ferry a nan machin lavant tikè ki nan tout waf NYC Ferry ?

Non, Tikè rediksyon etidyan yo disponib sèlman pou achte sou aplikasyon NYC Ferry an ak nan biwo biwo tikè Waf 11 sou Wall Street ant 8 è di maten ak 7 è di swa.

Èske sitiyasyon imigrasyon mwen an afekte kapasite mwen pou m patisipe nan Pwogram rediksyon etidyan sou transpò Ferry a ?

NYC Ferry p ap mande enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon yon etidyan oswa gadyen oswa anrejistre okenn enfòmasyon konsènan sitiyasyon imigrasyon.